

## Rezime sou Netwayaj Pwopriyete Piblik Yo

Depatman Vwari a (DSNY) responsab pou kenbe lari Vil New York pwòp epi eliminasyon fatra. Konstitisyon ki an vigè kounye a bay Komisyònè DSNY la otorite pou li adopte règleman ki gen rapò ak itilizasyon twotwa pou eliminasyon fatra epi bay sila ki pa respekte règleman sa yo kontravansyon kote pinisyon an ka peye amann, pran prizon oswa resevwa yon sanksyon sivil. Pou kounye a, Konstitisyon la pa etabli klèman okenn egzijans pou mete fatra nan resipyen—menmsi DSNY te pibliye plizyè règ ki limite kantite tan fatra ki pa nan resipyen ka pase nan lari Vil la. Nonplis tou, Konstitisyon ki an vigè a pa bay DSNY pouvwa sou kèk pwopriyete, tankou pak ak medyan nan mitan otowout yo. Anplis de sa, malgre se DSNY ki ebèje Biwo Ranfòsman Machann nan Lari a, Biwo a pa gen otorite pou fè respekte règleman lavant nan lokal kèk pwopriyete Vil la, tankou nan pak yo.

Amannman ki pwopoze yo t ap klarifye pouvwa DSNY gen pou netwaye tout pwopriyete Vil la sou lòd Majistra a. Chanjman ki pwopoze yo ta dwe presize tou ke DSNY gen otorite pou asire ke machann nan lari yo respekte egzijans vwariyo non sèlman nan lari a men nan lòt pwopriyete Vil la posede. Finalman, pwopozisyon t ap rekonèt klè otorite DSNY pou kontwole plasman ki apwopriye sachè fatra sou twotwa a, tankou egzije pou mete fatra yo nan resipyen.

## Rezime Estimasyon Adisyonèl Kou Lwa ki Pwopoze yo ak Mizajou Delè Bidjè a yo

Pwopozisyon sa a t ap egzije plis analiz sou enpak fiskal lwa lokal ki pwopoze yo. Pwopozisyon an t ap mete kèk delè bidjè a yo ajou.

Premyèman, amannman an t ap mande pou Konsèy la estime kou lwa ki pwopoze yo anvan yon komite nan Konsèy la fè yon seyans piblik epi anvan yon vòt Konsèy konplè a. Li t ap egzije tou pou Konsèy la bay Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a yon opòtinite pou soumèt pwòp estimasyon pa yo atan.

Kounye a, Konstitisyon an egzije yon Deklarasyon Enpak Fiskal anvan Yon Komite Konsèy la vote sou yon lwa lokal ak anvan Konsèy Konplè a vote. Li pa presize ki moun ki ta dwe devlope Deklarasyon sa yo, men an pratik se Konsèy la ki fòmile yo. Amannman sa a ta kodifye wòl Konsèy la. Li t ap deplase egzijans Deklarasyon Enpak Fiskal la mete li pi bonè nan pwosesis lejislatif la pandan li oblige pou li fèt anvan odyans piblik yo. Anplis de sa, jan sa note pi wo a, amannman an t ap garanti ke Majistra a, k ap aji atravè Biwo Jesyon ak Bidjè a, gen yon opòtinite pou soumèt estimasyon finansye. Kidonk, Deklarasyon Enpak Fiskal, avèk amannman sa a, ta dwe jeneralman gen de estimasyon ladan: youn ki soti nan Konsèy la li menm, ak youn ki soti nan men Majistra a. Pou plis presizyon, amannman an t ap egzije pou Konsèy l a ta dwe avize Majistra a ywit jou alavans (sòf si Majistra a renonse a preyavi a) anvan li fè yon seyans piblik oswa yon vòt Konsèy konplè a sou yon pwopozisyon lwa lokal, ki pèmèt Biwo Jesyon ak Bidjè a bay pwòp estimasyon finansye pa yo. Sepandan, si biwo a pa ta reponn omwen twa jou anvan seyans oswa vòt la, Konsèy la ka toujou kontinye avèk seyans oswa vòt la.

Dezyèmman, amannman sa a t ap mete ajou plizyè delè pou bidjè a nan Konstitisyon an, ak entansyon pou reflete pratik modèn yo. An patikilye, li t ap bay nouvo administrasyon minisipal yo plis tan pou yo konpoze yon bidjè preliminè lè yo pwolonje delè pou bidjè preliminè a de 16 janvye a 1<sup>re</sup> fevriye nan ane apre yon

eleksyon minisipal. Gen presedan pou sa: , Konsèy Minisipal la rekonèt ke delè 16 janvye a kapab difisil pou yon nouvo administrasyon respekte, poutèt sa li n konn adopte lwa lokal ki pwolonje delè pou soumèt bidjè preliminè a lè yon nouvo Majistra antre an fonksyon. Amannman ki pwopoze a t ap mete ajou delè bidjè ki konekte yo tou pou akomode nouvo delè bidjè preliminè a: nan ane apre yon eleksyon minisipal, delè pou Majistra a soumèt yon sètifikasi preliminè sou dèt kapital ak obligasyon t ap pwolonje soti 16 janvye rive 1<sup>ye</sup> fevriye, epi delè pou Biwo Bidjè Endepandan an fè rapò sou revni ak depans yo t ap pwolonje soti 1<sup>ye</sup> fevriye rive 15 fevriye.

Menm jan an tou, nan yon efò pou ankouraje yon bidjè egzekitif ki pi egzak, amannman sa a ta pwolonje delè pou soumèt bidjè egzekitif la de 26 avril a 1<sup>ye</sup> me. Pou kounye a, Konstitisyon an egzije pou Majistra a soumèt yon bidjè egzekitif 26 avril. Dat sa a vini touswit apre 15 avril ki se dat limit pou pèman enpo, sa bay Vil la enfòmasyon enpòtan sou rekouvreman enpo. Yon ekstansyon kout dat limit bidjè egzekitif la—a 1<sup>ye</sup> me—t ap bay Biwo Jesyon ak Bidjè a plis tan pou detèmine revni ki posib. Amannman t ap pwolonje delè pou rekòmandasyon Prezidan Borough sou bidjè egzekitif la de 6 me a 13 me.

## Rezime sou Plis Preyavi ak Tan Anvan Vòt sou Lejislasyon Sekirite Piblik

Pwopozisyon sa a tap etabli egzijans pwosedi adisyonèl anvan Konsèy la vote sou pwopozisyon lwa lokal ki konsène operasyon sekirite piblik twa ajans Vil la: Depatman Lapolis, Depatman Koreksyon, oswa Depatman Ponpye.

Anvan Konsèy konplè a vote sou yon pwopozisyon sekirite piblik ki deja adresé, Konsèy la ta dwe bay piblik la, Majistra a, ak komisyonè a nan chak ajans ki afekte yo yon preyavi adisyonèl omwen 30 jou alavans de vòt sa aan kesyon an. Majistra a ak ajans konsène yo ka itilize peryòd ant avi sa a ak vòt sa a pou yo organize youn oswa plizyè seyans piblik anplis sou pwopozisyon an pou yo ka rekeyi plis opinyon piblik la. Majistra a te kapab renonse a pwosedi adisyonèl amannman sa a enpoze yo.

## Rezime Planifikasyon Kapital

Vil la angaje nan planifikasyon kapital regilye pou detèmine kijan pou l investi nan enfrastrikti li yo. Nan kad evalyasyon sa a, yo reyini enfòmasyon sou enfrastrikti Vil la epi pataje yo atravè plizyè dokiman, tankou Deklarasyon anyèl Bezwèn Vil la, envantè anyèl enstalasyon Vil la, ak Estrateji Kapital Sou Dizan de fwa chak ane. Twa dokiman sa yo bay enfòmasyon sou enfrastrikti ki egziste deja nan vil la ak envestisman ki planifye. Sepandan, Konstitisyon an pa fè egzijans klè pou Vil la pran an kont antretyen ak reparasyon lè l ap fòmile Deklarasyon Bezwèn yo. Ni Li pa egzije pou Vil la, Estrateji Kapital Sou Dizan li an, konsidere envantè ofisyèl enstalasyon li yo oswa Deklarasyon Bezwèn yo.

Amannman ki pwopoze yo t ap egzije pou Vil la, lè l ap evalye gwo agrandisman ak rediksyon enstalasyon pou Vil la nan Deklarasyon Bezwèn anyèl la, reyini enfòmasyon ki gen rapò tou avèk bezwen pou antretyen, tankou eta, fonksyon, ak estimasyon dire vi itil tout enstalasyon Vil la yo, nan mezi sa posib. Amannman yo t ap egzije tou pou Depatman Planifikasyon Vil la ak Biwo Jesyon ak Bidjè a, lè y ap devlope Estrateji Kapital Sou Dizan an, konsidere eta ak bezwen pou antretyen enstalasyon Vil la yo, ansanm ak lòt faktè tankou distribisyon jeyografik, enpak sou rezistans, ak enpòtans enstalasyon yo pou fonksyònman ajans yo. Amannman yo t ap chanje dat prezantasyon Estrateji Kapital Sou Dizan ki te 1<sup>ye</sup> Novanm pou li ka aliye ak dat bidjè preliminè Vil la, ki 16 janvye pou kounye a. Menm jan an tou, amannman yo t ap chanje dat pou seyans piblik ki asosye ak Estrateji Kapital Sou Dizan an pou akomode dat premye soumisyon an ki vin pi ta.

## Rezime sou Antrepriz Komèsyal Minorite ke Fanm Posede (MWBE), Pèmi pou Tounaj Fim ak Komisyón Revizyon Achiv

Amannman sa a ta revize plizyè dispozisyon nan Konstitisyon an.

Premyèman, pou bay antrepriz komèsyal minorite ke fanm posede (MWBE) yo jarèt, amannman sa a ta etabli Responsab pou Divèsite Biznis (CBDO) nan Konstitisyon an. Li t ap prevwa tou pou CBDO a sèvi kòm pwen kontak pou MWBE yo, evalye efikasite politik Vil la pou adrese disparate nan pasasyon mache, epi pwopoze chanjman ki nesesè nan politik Vil la.

Dezyèmman, amannman sa a ta pèmèt Majistra a bay biwo ki trete pèmi pou tounaj fim yo—Biwo Medya ak Divètisman Majistra a (MOME)—pouvwa pou bay pèmi sa yo. Kounye a, Konstitisyon Vil sèlman bay Depatman Sèvis Ti Biznis pouvwa pou bay pèmi pou fim ak televizyon. Pa konsekan, pou ranpli fonksyon bay pèmi pou tounaj fim epi akonpli misyon li pou ranfòse ekonomi kreyatif Vil New York la, Komisè MOME nan se yon anplwaye Depatman Sèvis Ti Biznis yo. Lòt anplwaye MOME pa gen kapasite pou bay pèmi fim ak televizyon si Komisè a pa kapab ranpli konkson li oswa si pòs la vakan tanporèman. Amannman ki pwopoze a t ap pèmèt Majistra a deziyen yon lòt ajans Vil la pou l bay pèmi sa yo, sa ki t ap pèmèt Majistra a deziyen MOME epi fè ansòt lòt anplwaye MOME yo kapab egzèse otorite sa a lè sa awopriye.

Twazyèmman, amannman sa a t ap konbine de konsèy ke Konstitisyon an te kreye ki fokis sou revizyon achiv minisipal yo. Dapre Konstitisyon ki an plas la, Vil la dwe kenbe ni Komisyón Revizyon Achiv la niKomisyón Achiv, Referans ak Rechèch la. Komisyón sa yo gen misyon ak manda rapò anyèl ki sanble. Amannman ki pwopoze sa a t ap konbine Komisyón Revizyon Achiv la ansanm ak Komisyón Achiv, Referans ak Rechèch nan yon sèl kò, Konsèy Konsiltatif Achiv Minisipal ak Bibliyotèk la, nan yon efò pou ankouraje efikasite ak prezèvasyon resous Vil la. Amannman pwopoze sa a t ap pran efè imedyatman.